

**TRADHISI SEDHEKAH BUMI SAJRONE SERAT SINDUJAYA
(Suntingan Teks lan Pamarekan Antropologi Sastra)**

Septin Nur Laili

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
septinlaili16020114089@mh.unesa.ac.id

Drs. Bambang Purnomo, M.S.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Naskah *Serat Sindujaya* mujudake sawijine asil reriptan sastra kang klebu naskah Jawa Pesisir ditulis migunakake aksara Arab pegon. Naskah *Serat Sindujaya* kang ditliti minangka naskah salinan jalaran ana bab kang owah sajrone teks lan narik kawigaten kanggo ditliti, amarga nyiritakake tumindhak becike santri marang kyaine kang tekan seprene bisa dadi sumber piwulang. Naskah kasebut uga ngandhut sawijine tradhisi kang anane tansah diugemi dening masyarakat.

Gayut karo andharan mau, bisa dijupuk dudutan underan ing panliten iki yaiku (1) Kepriye dheskripsi naskah *Serat Sindujaya?*, (2) Kepriye suntingan teks naskah *Serat Sindujaya?*, (3) Kepriye wujud tradhisi sedhekah bumi sajrone naskah *Serat Sindujaya?*, lan (4) Kepriye aktualisasi tradhisi sedhekah bumi tumrap masyarakat Gresik?. Paedah ing panliten iki kanggo nggampangake lan nambah wawasan pamaca ngenani kandhutan isi naskah *Serat Sindujaya* bab tradhisi sedhekah bumi. Ancangan panliten iki migunakake metode analisis dheskriptif kualitatif arupa pangetrape teori filologi lan teori hermeneutika kanggo nafsirake isi lan makna sajrone reriptan sastra. Sumber dhata kang digunakake yaiku teks basa Jawa arupa aksara arab pegon. Dhata panlitene awujud tembung lan ukara kang nggambarake tradhisi sedhekah bumi sajrone *Serat Sindujaya*. Cara kanggo ngumpulake dhata migunakake teknik kapustakan yaiku kanthi migunakake sumber data awujud tulisan.

Asil panliten iki ngandharake dheskripsi naskah SS, Suntingan teks naskah SS, wujud tradhisi sedhekah bumi sajrone naskah SS minangka ajaran saka leluhur sing wis mbabat alas ing desa Keroman lan Lumpur kutha Gresik. Tradhisi sedhekah bumi kasebut disengkuyung karo tradhisi liya yaiku pagelaran wayang, pencak macan, lan macapatan. Bab kasebut banjur digayutake lan dibandingake karo panguripan masyarakat Gresik.

Tembung Wigati : Tradhisi sedhekah bumi, *Serat Sindujaya*.

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Tetilaran budaya Jawa cacahé akeh lan adi luhung kang arupa warisan budaya ora tinulis, kayata petilasan-petilasan, candi-candi lan tetilaran tinulis arupa naskah-naskah. Tetilaran kabudayan Jawa iku isih dilestarekake anane. Salah siji asil budaya Jawa kang onjo yaiku karya sastra arupa naskah. Tembung naskah asale saka basa Arab kang ateges tulisan tangan. Bisa uga diarani manuskrip utawa sinebut kodeks. Naskah-naskah Jawa bisa ditliti ngenani basane, kandhungan isine, lan liya-liyane (Baroroh-Baried, 1985: 9-10). Naskah Jawa yaiku tetilaran tinulis masyarakat Jawa kang saperangan isih awujud naskah aksara Jawa lan Arab pegon. Saperangan naskah uga wis ditransliterasi ing aksara latin.

Naskah Jawa kang cacahé akeh iku umume wis kasimpen ing perpustakaan lan museum-museum utawa

yayasan swasta. Naskah liyane disimpen minangka koleksi pribadi kang isih ngrembaka ing masyarakat. Naskah nduweni paedah lan peranan kang asipat universal. Isi naskah ateges bisa dinikmati lan dimanfaatake karo sapa wae gumantung saka isi naskah kang gegayutan. Kayata naskah sing wis rusak amarga umure wis tuwa bakal kangelan kanggo nggoleki ajaran nenek moyang lumantar naskah kasebut. Nggoleki kanthi lumantar informan yaiku kanggo meruhi langsung ajaran kang disampekake uga bakal kangelan. Bisa didudut yen naskah prelu dislametake supaya isine kang ngandhut mupangat bisa dilestarekake. Saka lelandhesan kasebut mula ditindakake panliten naskah.

Ilmu kang nyinaoni naskah lan asal-usul naskah yaiku filologi. Filologi mujudake disiplin ilmu kang nliti naskah adhedhasar aspek fisik lan isi naskah. Kajian tumrap isi naskah sinebut kritiks teks utawa tekstologi.

Dene kajian kang adhedhasar bahan ing naskah sinebut kodikologi. Objek panliten ilmu filologi yaiku naskah lan teks lawas. Kanthi objek panliten kasebut filologi nduweni sawetara ancas kang bisa digayuh kanthi anane tahap-tahap panliten. Kaya kang diandharake dening Mulyani (2009a :4), tahap panliten filologi kang kudu ditindakake ana lima yaiku (1) inventarisasi naskah (2) dheskripsi naskah (3) maca naskah sing wis ditamtokake (4) alih tulis teks (transliterasi teks lan suntingan teks kanthi anane aparat kritik) lan (5) terjemahan teks. Banjur kanggo ngudhari bab isine naskah utamane gegayutan karo tradhisi utawa adat istiadat kang kinandhut sajrone naskah lan kanggo ndheskripsikake kompleks ide, aktivitas, lan asil budaya mula dibutuhake ilmu antropologi sastra. Antropologi sastra mujudake ilmu kang nyinaoni ngenani reription sastra kang gegayutan karo manungsa (Ratna, 2011:351). Objek kang dikaji nduweni gegayutan tumrap tradhisi, adat isitiadat, lan kedadeyan kang dumadi ing jaman biyen.

Dheskripsi naskah mujudake gambaran kanthi ringkes lan rinci ngenani wujud fisik naskah utawa isi naskah kanthi tujuwan kanggo nggampangake mahami tumrap naskah lan konteks isine. Miturut andharane Purnomo (2007:33), bab-bab kang ana sajrone dheskripsi naskah ngemot informasi utawa data ngenani (1) judhul naskah (2) nomor naskah (3) papan panggonan nyimpen naskah (4) idhentitas pangripta utawa penyalin (5) ukuran naskah (6) ukuran teks (7) kahanan naskah (8) tulisan naskah (9) wujud naskah lan (10) isine naskah. Dene kang dimaksud suntingan teks yaiku proses ndandani teks kanthi trep karo kaidah-kaidah basa utawa aturan. Ancase suntingan teks yaiku kanggo nggoleki tulisan kang rusak (korup) uga jumbuh karo isi supaya kawaca kanthi becik. Koreksi kang ana sajrone suntingan teks yaiku nambahi aksara, ngganti aksara utawa ngurangi aksara.

Suntingan teks uga bisa digarap kanthi cara standarisasi ejaan, perangan kang adhedhasar saka teks kang ejaane ora ajeg. Suntingan teks sajrone naskah miturut Djamaris (2002: 24) bisa nggunakake rong metode yaiku metode gabungan lan metode landasan. Metode gabungan digunakake yen tafsiran naskahe kabeh padha. Ateges sawijine naskah ora ana sing katon apik tinimbang naskah liyane. Metode landasan uga digunakake yen tafsiran naskahe beda, saengga ana sawijine naskah sing luwih jangkep tinimbang naskah liyane.

Serat Sindujaya sinebut naskah Jawa pesisir, amarga saliyané nggunakake aksara arab pegon, naskah kasebut nggunakake basa Jawa dialek pesisir lan nyritakake ngenani pahlawan Islam. Basa dialek pesisir dhewe maneka warna, salah sijine yaiku Gresik. Pesisir mujudake dhaerah cedhak segara sisih lor kang pikantuk proses Islamisasi lan tekane walisanga minangka

intelektual panyebaran Islam ing Jawa, saengga budaya pesisir pancen nyritakake pengaruh Islam kang kuwat. Pengaruh kasebut uga onjo sajrone naskah *Serat Sindujaya*, kayata gambaran panguripan kang agamis, pola sesambungan santri lan kyai, tokoh Islam Sunan Prapen lan Pangeran Ngampeldenta.

Naskah *Serat Sindujaya* yaiku naskah kang disimpen dening masyarakat lan durung dikatalogisasi, ateges *Serat Sindujaya* minangka koleksi pribadi kang disimpen ing pesareyan mbah Kyai Sindujaya Gresik. Ditulis dening Ki Tarub Agung mawa aksara arab pegon. Bahan naskah kang dienggo yaiku wujud dluwang lan kahanane wis rada nguning amarga umure sing wis tuwa, nanging isih bisa diwaca kanthi gampang. Naskah kasebut awujud tembang macapat kang ana 16 pupuh kanthi rincian (1) asmaradhana 61 pada (2) dhandhanggula 35 pada (3) pangkur 31 pada (4) durma 34 pada (5) sarnata 34 pada (6) kinanthi 29 pada (7) mijil 14 pada (8) megatruh 10 pada (9) sarnata 28 pada (10) durma 73 pada (11) kinanthi 33 pada (12) asmaradana 34 pada (13) sarnata 31 pada (14) kinanthi 45 pada (15) sarnata 32 pada (16) kiananthi 31 pada.

Serat Sindujaya uga mujudake naskah tinulis kang njlentrehake ngenani lumakune urip Sindujaya sawijine santri Sunan Prapen. Naskah kasebut dianggep minangka sastra sejarah lan sawijine asil saka karya sastra kang asipat fiksi. Sajrone naskah *Serat Sindujaya* ngemot sawetara kedadeyan kang nyata dumadi, kaya dene peperangan kang dumadi ing desa Gumeno lan asal-usule Kelurahan Keroman lan Lumpur. Gegayutane karo masyarakat Kabupaten Gresik, ajaran kang kinandhut sajrone *Serat Sindujaya* diwujudake ing tradhisi yaiku ajaran kang ana lan isih ditindakake uga dilestarekake nganti saiki kayata tradhisi macapatan *Serat Sindujaya*, kesenian pencak macan, wayangan. Tradhisi kasebut minangka rerangken adicara tradhisi sedhekah bumi. Wujud tradhisi sedhekah bumi sajrone *Serat Sindujaya* yaiku mujudake rasa syukur marang Gusti, pralambang kanggo ngormati para leluhur lan para wali sing wis menehi piwulangan agama ing Gresik.

Underan Panliten

Adhedhasar andharan lelandhesan panliten ing ndhuwur, mula pekara-perkara kang bakal diliti, yaiku:

- 1) Kepriye dheskripsi naskah *Serat Sindujaya*?
- 2) Kepriye suntingan teks naskah *Serat Sindujaya*?
- 3) Kepriye wujud Tradhisi sedhekah Bumi sajrone naskah *Serat Sindujaya*?
- 4) Kepriye aktualisasi Tradhisi Sedhekah Bumi tumrap masyarakat Gresik?

Ancas Panliten

Adhedhasar underan paniten ing ndhuwur bisa katitik ancas panliten yaiku:

- 1) Kanggo ngandharake dheskripsi naskah *Serat Sindujaya*
- 2) Kanggo ngandharake suntingan teks *Serat Sindujaya*
- 3) Kanggo ngandharake wujud Tradhisi Sedhekah Bumi sajrone *Serat Sindujaya*
- 4) Kanggo ngandharake aktualisasi Tradhisi Sedhekah Bumi tumrap masyarakat Gresik

Paedah Panliten

Saben panliten mesthi nduweni paedah tumrap bab kang diteliti. Paedah panliten kaperang dadi loro yaiku kanthi teoriitis lan kanthi cara praktis. Paedah kekarone iku bakal diandharake ing ngisor iki:

- 1) Paedah teoritis
Panliten iki dikarepake bisa nambah panliten ing bidhang filologi kang sajrone gegayutan karo ilmu antropologi sastra, mligine bab tradhisi sajrone naskah *Serat Sindujaya* tumrap masarakat.
- 2) Paedah praktis
Panliten iki kanggo ngampangake pamaca supaya luwih mangerteni basa kang kinandhut sajrone naskah *Serat Sindujaya*. Panliten iki uga migunani tumrap masyarakat kanthi nduweni paedah supaya mangerteni kandhutan naskah *Serat Sindujaya* ngenani tradhisi sedhekah bumi.

Pajlentrehan Tetembungan

Pajlentrehan tetembungan yaiku wujud jlentrehan tembung kang wigati digunakake sajrone panlietn supaya ora kliru anggane negesi. Tetembungan kang wigati kasebut diandharake ing ngisor iki:

- 1) Naskah, yaiku reriptan kang isih ditulis nganggo tangan lan durung diterbitake. (Miturut KBBI Taun 1997 sajrone Oman Fathurahman (2015:21))
- 2) Tradhisi, yaiku pakulinan utawa kapityan kang ditindakake wiwit jaman biyen lan terus dadi bageyan saka panguripan sawijine kelompok.
- 3) Filologi, yaiku kanthi harafiah nduweni teges tresna marang tembung. (Purnomo, 2007:9).
- 4) Antropologi sastra, yaiku ilmu kang nyiaoni ngenani manungsa lan kabudayan. (Ratna, 2011:58)
- 5) Folklor, yaiku bageyan saka kabudayan kang disebarake utawa diwarisakake sacara tradhisional awujud lisan, isyarat, utawa alat biyantu liyane. Bisa uga ditegesi minangka adat istiadat tradhisional lan crita rakyat kang diwarisake sacara turun temurun.

(Miturut Dundes sajrone Danandjaja, 2002:1-2).

- 6) Sedhekah bumi, yaiku tradhisi warisan leluhur kang dadi pakulinan masyarakat sacara turun-temurun. (Miturut De Hann Sajrone TIM ISBD 2008:79)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Saemper

Panliten saemper sing wis ditindakake lan nduweni gegayutan karo panliten filologi lan tradhisi sedhekah bumi yaiku panliten kang katindakake dening Diny Ardianty (2014) kanthi irah-irahan *Serat Sindujoyo: Suntingan Teks dan Analisis Fungsi Sosial Naskah Bagi Masyarakat Kabupaten Gresik*. Panliten iki ngrembug bab suntingan teks lan fungsi sosial *Serat Sindujaya* tumrap masyarakat Gresik. Sabanjure panliten kang ditindakake Siti Ekawati (2015), kanthi irah-irahan *Mistik Kejawen sajrone Serat Wirid Karajan (Tintingan Filologi)*. Asiling panliten ngandharake mistik kejawen minangka piwulangan becik lan kapitayan tumrap bebrayan Jawa supaya manungsa bisa nggayuh kasampurnaning urip. Pungkasan panliten dening Puput Ayuningtias (2018), kanthi irah-irahan *Etika Tradhisi sajrone Serat Wyasa (Tintingan Filologi)*. Panliten kasebut ngandharake etika tradhisi sajrone *Serat Sindujaya* kang diperang dadi loro yaiku etika indhividhu lan etika sosial.

Tradhisi Sedhekah Bumi sajrone Bebrayan Jawa

Tradhisi sedhekah bumi mujudake sawijine wujud ritual tradisional masyarakat ing Pulo Jawa kang wis ditindakake sacara turun temurun saka nenek moyang. Tradhisi kasebut biyasane ditindakake karo masyarakat kang dadi tani lan nggantungake uripe kanthi manfaatake asil alam sig ana ing bumi. Sedhekah bumi tumrap bebryan Jawa minangka wujud pagurmatan manungsa tumrap leah sing dadi sumber panguripan. Saka sakehe tradisi sedhekah bumi ing Pulo Jawa, tamtu saben dhaerah nduweni cara kang beda kanggo nindakake lan wis dadi ciri khase. Dhaerah pesisir tuladhane tamtu nduweni cara kang beda tinimbang dhaerah liyane, biyasane ing dhaerah pesisir ora ana tradhisi sedhekah bumi, ananging sinebut sedhekah laut amarga sumber panguripan ing kono akeh-akehe ing segara lan dadi miyasa mina.

Tradhisi Sedhekah Bumi sajrone Kasusastran Jawa Pesisir

Gegayatune karo sastra pesisir, Tradhisi Sedhekah Bumi sawijine tradhisi lisan kang ananae tansah diugemi masyarakat pesisir. Diarani dhaerah pesisir amarga nduweni pengaruh keislaman lan dadi mula bukane penyebaran Islam ing Jawa. Akeh karya sastra sing sengaja diipta kanggo nyebarake agama Islam, lumantar karya kasebut, mula panyebaran

agama Islam bisa dadi luwih efektif. Karya sastra Jawa pesisiran ing pangrembakane nduweni titikan luwih asipta mitis religius sajrone wujud prosa liris utawa tembang macapat. Banjur dadi karya sastra kang luwih kompleks kanthi anane adaptasi Jawa-Hindu kang diwenahi pengaruh Islami.

Karya sastra pesisiran ing pangrembakane kaperang dadi telung kelompok yaiku (1) karya kang ngandhut tema etik religus kang ortodok lan nengenake syariat Islam (2) karya-karya arupa geguritan naratif didaktis (3) karya- karya mistik. Karya sastra pesisiran uga nduweni titikan kang khas sajrone struktur estetise. Saperangan karya pesisiran digubah ing wujud tembang macapat. Saliyane struktur estetis, naskah-naskah pesisiran uga nduweni titikan ing ejaane. Panambahan lan pangurangan swara nasal yaiku sawijine titikan panganggo ejaan utawa tulisan jinis pesisir (Behrend, 1990: 516). Tradhisi Sedekah Bumi ora mung ana ing urip kasunyatan bebrayan Jawa nanging uga digambarake ing sawijine karya sastra kayata sajrone naskah lawas.

Tradhisi Sedhekah Bumi sajrone Naskah Lawas

Tradhisi miturut Poerwadarminta (1939:1088) yaiku adat, kapercayan, lan liyane kang diwarisake para leluhur. Masyarakat Indonesia akeh-akeh nduweni tradhisi saka warisan nenek moyang. Tradhisi kasebut ana kang arupa tradhisi lisan lan dudu lisan. Tradhisi lisan yaiku sawijine kumpulan bab kang diweruhi lan biyasane ditindakake kanthi cara turun temurun lumantar lisan lan wis dadi kabudayan masyarakate. Kabudayan kang ngemot tradhisi lisan kasebut mujudake yaiku bageyan saka folklor.

Aspek Filologi sajrone Naskah Lawas

Filologi mujudake sawijine ilmu utawa wawasan ngenani sastra-sastra kang ngemot bidhang basa, sastra, lan budaya. Filologi asale saka tembung Yunani *pilos* kang ateges 'tresna' lan *logos* ateges 'tembung'. Ing filologi, rong tembung kasebut mujudake 'tresna tembung'. Banjur teges kasebut ngrembaka dadi 'seneng sinau' lan 'seneng kasusastran', utawa 'seneng kabudayan'. Filologi uga nduweni tujuwan kang diperang dadi tujuan umum lan khusus.

Tujuwan umum filologi yaiku kanggo mahami kabudayan sawijine bangsa lumantar asil sastrane kang wujud lisan utawa tulisan, mahami makna lan fungsi teks tumrap masyarakat pangriptane, lan njlentrehake nile-nile budaya lawas minangka alternatif pangembangan kabudayan. Banjur tujuwan khusus filologi kanggo nyunting sawijine teks kang dianggep paling cedhak karo teks asline, nuduhake utawa njlentrehake sejarah dumadine teks lan sejarah perkembangane, lan njlentrehake resepsi pamaca. Obyek paliten filologi yaiku

arupa naskah lan teks. Trap-trapan kang ditindakake sajrone panliten filologi kayata inventrisasi naskah, studi katalog, dheskripsi naskah, translitrasi, lan suntingan teks.

Aspek Folklorik sajrone Naskah Lawas

Folklor asale saka rong tembung basa Inggris yaiku *folk* kang ateges masyarakat lan *lore* kang ateges tradhisi saka folk, yaiku saperangan kabudayan kanthi turun temurun diwarisake sacara lisan lan sapiturute (Danandjaja, 1986:1). Folklor bisa ditegesi saperangan kabudayan kang disebaraae lan diwarisake sacara turun temurun. Fungsi saka folklor yaiku (1) minangka sistem proyeksi, ateges dadi kaca pangilon pangangen-angen kolektif (2) minangka sarana pengesahan pranata lan lembaga kabudayan (3) minangka sarana ndhidhik anak (4) minangka sarana kanggo ngawasi supaya norma-norma masyarakat ditaati.

Minangka tetilaran jaman biyen, naskah lawas bisa menehi informasi ngenani maneka aspek kabudayan masyarakat jaman biyen kayata politik, ekonomi, sosial budaya, pangobatan tradhisional, lan liya-liyane. Naskah kasebut mujudake idhentitas uga warisan budaya kang adiluhung. Naskah lawas, saliyan minangka dhokumentasi budaya, bisa didadekae objek piwulangan kanggo njupuk nile-nile lan kandungan isine. Nile-nile kasebut dibutuhake sajrone nggayutake nile kabecikan ing jaman biyen kanggo ditrepake ing jaman saiki.

Aspek Antropologis sajrone Naskah Lawas

Antropologi sastra asale saka tembung antropologi lan sastra. Antropologi saka basa Yunani yaiku antropos ateges manungsa lan logos mujudake ilmu utawa studi. Sacara harfiah antropologi yaiku ilmu kang nyinaoni ragane manungsa (Ratna, 2011:52). Objek panliten antropologi miturut Endraswara (2003:107) ana loro yaiku tulisan etnografi kanggo mangerteni aspek estetis lan niliti kaya sastra kanthi sudut pandang etnografi kanggo mangerteni kabudayan masyarakat. Sawijine karya sastra yaiku wujud naskah.

Lelandhesan Teori

Teori kang digunakake kanggo nitingi dhata ing panliten iki yaiku teori antropologi sastra. Banjur kanggo medharake isine naskah dibutuhake ilmu filologi. Sajrone panliten filologi mesthi nduweni cak-cakan kang kudu digatekake supaya panliten bisa kalaksanan kanthi trep lan urut (1) Inventarisasi naskah yaiku ndaftar sakabehe naskah kang ditemokake lan tahap wiwitan kang ditindakake karo panliti (2) Dheskripsi naskah, yaiku njlentrehake lan nggambarake

tetembungan kanthi cetha lan runtut tumrap kahanan naskah kang diteliti (3) Transliterasi, mujudake alih aksara mawa aksara, saka abjad siji ing abjad liyane. Sajrone proses transliterasi kudune panliti bisa njaga keasliane basa sajrone naskah, mligine panulisan tebmung (Edwar Djamaris, 2002:19). (4) Suntingan naskah, mujudake perangan ilmu filologi kang nduweni tujuwan kanggo nyiapake naskah utawa manuskrip sing kaanggep bisa makili edhisi ilmiah teks (Purnomo 2013:20).

Panliten iki uga ngandhut nile folklorik, amarga folklor minangka rekaman budaya, kang disampekake kanthi cara estetis, artistik, lan asipat kolektif. Folklor uga dadi bageyan kang wigati sing ora bisa dipisahake karo lumakune urip manungsa wiwit biyen nganti saiki saka maneka aspek panguripan kaya dene kultur budaya, sosial, filsafat, lan kapitayan.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten ngenani Tradhisi sedhekah Bumi sajrone *Serat Sindujaya* klebu jinis panliten sastra asipat kulaitatif. Ancangan ing panliten iki nggunakake metode dheskriptif analitik-kualitatif. Metode dheskriptif analitik ditindakake kanthi nggambarake kasunyatan-kasunyatan banjur dianalisis (Ratna, 2013:53). Sajrone panliten iki uga nggunakake prinsip filologi modern lan teori hermeneutika. Filologi modern kanthi metode edhisi naskah tunggal, ateges tanpa mbandingake karo naskah sajinis. Tinting filologi modern digunakake kanggo mbiyantu transliterasi *Serat Sindujaya*. Saliyane iku, teori hermeneutika digunakake kanggo nafsirake isi lan makna sajrone reriptan sastra.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata yaiku subjek saka ngendi dhata kasebut diolehi. Metode kang digunakake sajrone panliten iki wujud rong werna yaiku pustaka lan observasi. Sumber dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku teks basa Jawa arupa aksara arab pegon. Dene dhata mujudake kumpulan informasi kang diolehi saka pengamatan kang bisa wujud angka, lambang, utawa sipat kang bisa menehi gegambaran ngenani kahanan utawa perkara.

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku tembung lan ukara kang nggambarake Tradhisi sedhekah Bumi sajrone *Serat Sindujaya*. Saliyane iku uga arupa dheskripsi naskah kang ngemot judhul naskah, ukuran naskah, panulis lan wektu panulisan naskah, kahanan fisik naskah, tulisan naskah, basa naskah, lan wujud genre naskah.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku sarana utawa piranti kang digunakake kanggo ngumpulake lan ngolah data panliten (Arikunto, 2006:149). Instrumen ing panliten

diperang dadi rong jinis miturut sesambungan antarane sipat data lan jinis panliten, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe kanggo ngumpulake dhata kanthi nyusun ancangan panliten, ngumpulake data, nganalisis, napsirake dhata, lan nyusun laporan asil panliten. Dene instrumen panyengkuyung sajrone panliten iki yaiku kamera kanggo njupuk gambar *Serat Sindujaya*, pulpen lan cathethan uga tetengeran kanggo ngumpulake dhata.

Tata Cara Pangumpule Dhata

Tata cara pangumpule dhata mujudake cakakan kanggo ngumpulake dhata kanthi migunakake teknik pustaka, yaiku migunakake sumber data awujud tulisan (kapustakan). Tata cara pangumpule dhata kaya ing ngisor iki:

- 1) Maca kanthi tliti lan kritis supaya bisa mangerteni isi *Serat Sindujaya*.
- 2) Nengeri bab kang wigati sajrone teks supaya bisa nemtokake teori kang trep.
- 3) Nyathet sakabehe dhata kang ngandhut Tradhisi sedhekah Bumi.
- 4) Dhata kang wis dicathet banjur ditapsirake.

Tata Cara Pangolahe Dhata

- 1) Ngandharake dheskripsi naskah
- 2) Nyunting teks *Serat Sindujaya*
- 3) Ngandharake tradhisi sedhekah bumi sajrone *Serat Sindujaya*
- 4) Nggawe dudutan Asil Panliten

Tata Cara Panyuguhe Asil Panliten

- 1) BAB I ngandharake lelandhesan panliten, underan panliten, ancas panliten, paedah panliten, wewatesan panliten lan panjlentrehan tetembungan.
- 2) BAB II ngandharake panliten kang saemper, panindakake panliten kang diperang dadi enem, yaiku (a) Tradhisi sedhekah bumi sajrone naskah lawas (b) Aspek folklor sajrone naskah lawas (c) Aspek antropologi sastra sajrone naskah lawas (d) Tradhisi sedhekah bumi sajrone kasusastran Jawa pesisiran.
- 3) BAB III ngandharake ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, metode lan teknik panliten.
- 4) BAB IV ngandharake andharan asile panliten adhedhasar underan panliten. Andharan asil panliten ing antarane: (1) dheskripsi naskah kanthi nggambarake kahanan fisik *Serat Sindujaya* (2) nyuguhake suntingan teks *Serat Sindujaya* (3) wujud tradhisi sedhekah bumisajrone *Serat Sindujaya*.

- 5) BAB V ngandharake dudutan lan pamrayoga tumrap panliten kang wis katindakake.
- 6) LAMPIRAN : Dhokumentasi *Serat Sindujaya*.

ANDHARAN BAB PANINTHING

Dheskripsi Naskah *Serat Sindujaya*

Dheskripsi naskah mujudake gambaran sacara ringkes lan mrinci ngenani wujud fisik naskah utawa isi naskah kang nduweni tujuwan kanggo nggampangake pangenalan tumrap naskah lan konteks isine. Kang bakal diandharake sajrone dhekripsi naskah kayata irah-irahan naskah, nomer naskah, papan panyimpenan naskah, panulis lan wektu panulisan, ukuran naskah, kahanan naskah, tulisan naskah, wujud naskah, lan isih naskah.

Naskah kanthi irah-irahan *Serat Sindujaya* iki mujudake naskah wujud buku kanthi ukuran 32 cm x 21 cm kang ditulis dening KI Tarub Agung asale saka Sukadana, dhusun Keroman, Gresik. Naskah kang diteliti ing panliten iki yaiku naskah salinan kang ditulis karo Hadisoedarto. Wektu panulisan naskah kasebut nalika dina Minggu legi, jam sanga sasi Ramadhan tanggal suwelas, kanthi anane bukti sengkalan "*gajah pepitu punika*" kang ateges 1778 caka utawa 1856 M. Naskah *Serat Sindujaya* kasimpen ing pesarehan Mbah Kyai Sindujay ing Gresik, nanging naskah salinan kasimpen ing sawijine pujangga Gresik yaiku Mbah Mat Kauli minangka koleksi pribadi.

Wujud naskah *Serat Sindujaya* yaiku tembang macapat kang kasusun saka 16 pupuh kanthi rincian Asmaradana 57 pada, Dhandanggula 34 pada, Pangkur 31 pada, Durma 34 pada, Sinom 34 pada, Kinanthi 29 pada, Mijil 14 pada, Megatruh 10 pada, Sinom 28 pada, Durma 72 pada, Kinanthi 33 pada, Asmaradana 34 pada, Sinom 31 pada, Kinanthi 45 pada, Sinom 32 pada, lan Kinanthi 26 Pada.

Serat Sindujaya katulis mawa aksara Arab Pegon kanthi tulisan tangan jejeg kang ukurane sedheng ora sepira gedhe lan ora sepira cilik. Jarak aksara saben kaca ora amba banget lan uga ora ciut. Kahanan naskah wujud salinan iki akeh ditemokake tulisan sing ora sepira ceta yen diwaca, uga ana saperangan pinggiran kacane kang suwek saengga ana saperangan teks sing ora kawaca. Naskah kasebut isine ora mung ditulis wujud teks kabeh, nanging uga ana gambaran utawa ilustrasi kang nuduhake laku critane serat kasebut. Basa kang digunakake yaiku bahasa Jawa kang ngemot basa Jawa ngoko, krama, lan dialek pesisiran.

Naskah *Serat Sindujaya* ngandhut maneka piwulangan becik kayata tumindhake santri kang taat marang kyaine, bab kasebut nuduhake sipat pakurmatan marang wong sing luwih tuwa. Saliyane iku uga ngandhut bab tradhisi sing wis ana wiwit jaman nenek

moyang, saengga minangka wong Jawa wis samesthine kudu njaga lan nguri-nguri supaya tansah ngrembaka lan ora ilang kagerus jaman.

Suntingan Teks

Suntingan teks yaiku teks kang ngalami pambeneran utawa owah-owahan supaya ora ana kaluputan lan bisa nggampangake pamaca sajrone mahami teks. *Serat Sindujaya* iki ditulis kanthi migunakake aksara arab pegon, saengga ana saperangan fonem basa Jawa sing ora ana sajrone basa Arab. Asil suntingan teks ing panliten iki ngemot suntingan ngenani tandha lan aksara arab pegon menyang aksara latin.

Terbitan Teks

Terbitan teks sajrone naskah mujudake asil suntingan saben kaca saka aksara Jawa menyang aksara Latin banjur disunting adhedhasar perangan kaca sing ana sajrone naskah. Pethikan ing suntingan iki dianggep bisa makili andharan ngenani tradhisi sedhekah bumi kang dijupuk saka saperangan kaca naskah. Naskah *Serat Sindujaya* kasusun saka 187 kaca, perangan kaca kang disunting iki bageyan 48 pupuh kinanthi lan sinom kang isine ngenani kedadeyan nalikane Sindupati ngalami kekalahan nalika adu pitik, banjur Sindujaya menehi pitulung kanthi menehi palu kang bisa owah wujud dadi pithik, saengga nalika adu pithik Sindupati bisa menang. Dicitakake maneh nalika kahanan desa sing wis nggayuh kemakmuran lan kasejahteraan amarga pitulung saka Gusti, banjur dianakake sedhekah bumi kanggo ngucap rasa syukur.

Aparat Kritik

Aparat kritik mujudake kagiyatan kang digunakake kanggo meruhi kaluwihan uga kakurangan sawijine karya sastra lan nduweni tujuwan kanggo mahami wujud teks kang luput utawa bener adhedhasar makna kang kinandhut sajrone teks. Panyuguhan aparat kritik miturut Mulyani (2009a:29) ana rong werna yaiku diandharake ing ngisor teks lan dilampirake ing mburi utawa samarine suntingan teks. Bab kasebut katindakake supaya luwih ringkes lan cetha.

Komentar

Komentar digunakake kanggo menehi pambeneran lan ngomentari tetembungan kang wis disunting miturut panomoran kaya ing ngisor iki:

- 1) Tembung *konon* sajrone teks dianggep kurang trep, mula prelu diowahi kanthi tembung kongkonen kang asale saka tembung kongkon lan oleh panambang -en. tembung kongkon miturut kamus Bausastra Jawa nduweni teges ngutus utawa prakara kang dilantarake sarana kongkonan.

- 2) Tembung ing naskah rata-rata nduweni kaluputan panulisan kayata tembung *sedeyenipun* kang ora ana tegese ing kamus, mula diowahi dadi tembung *sedayanipun*. *Sedayanipun* asale saka tembung *sedaya* ateges kabeh lan oleh panambang –ipun.
- 3) Panulisan tembung *dhawah* ing naskah kurang bener. *Dhawah* tegese pakon, lathu, utawa tutur. Tembung *dhawah* prelu diowahi dadi tembung *dhawuh* supaya bisa laras karo tembung sadurunge, *dhawuh* sing dimaksud sajrone naskah yaiku pangandhika utawa prentah dhedhuwuran kang luhur.

Wujud Tradhisi Sedhekah Bumi sajrone Serat Sindujaya

Mula bukane tradhisi sedhekah bumi digagas karo Sunan Prapen. Tradhisi kang tuwuh lan ngrembaka wiwit jaman Sunan Prapen kasebut, karo masyarakat Gresik dilestarekake nganti saiki. Tradhisi kasebut kanggo menehi pakurmatan marang leluhur lan para wali saka upayane anggone ngowahi bab sosial agama ing Gresik. Tradhisi sedhekah bumi sajrone naskah *Serat Sindujaya* dimaksudake minangka wujud haul Sindujaya, ateges kanggo ngormati jasa-jasa para leluhur kang wis seda utamane Sindujaya minangka santri saka Sunan Prapen kang taat uga minangka sawijine pawongan kang wiwitan mbabat alas Kelurahan Keroman lan Lumpur ing Gresik. Sedhekah bumi kasebut ditindakake saben setaun sepisan ing sasi Suro kang uga disengkuyung karo sawetara tradhisi liya kaya wayangan, pencak macan, lan macapatan

Wayangan

Wayang asale saka tembung wewayangan utawa wayangan, kang ateges bayangan (Pandam Guritno sajrone Bagyo Suharyono. 2005 : 24). Sajrone *Serat Sindujaya* diandharake yen wayangan digunakake minangka sawijine rerangken adicara tradhisi sedhekah bumi kanggo mengeti haul Sindujaya utawa biyasa sinebut wayang bumi amarga wayangan dianakake sasuwene pitung dina pitung wengi.

Pedhukuhan sinawang karta raharja/

Pedhukuhan ing Keroman/

Raharja gemah katawis/

Margi saking berkah sawab/

Ki Gedhe Pelang ngandika/

Yen ndherek sami nepangi/

Pedhukuhan ing Kroman/

Sedhekahana prayogi/

Ringgitan saben warsi/

Mangan nginum datan kantun/

Nulya sami ngandika/

*Kakang kawula njurungi/
Pan sadaya sami remen reringgitan//
(K.166/G.1/P.3)*

Saka pethikan kasebut nuduhake yen kahanan desa kang dicritakake katon makmur lan sejahtera kaya ing desa Keroman, bab kasebut amarga pikantuk berkah saka Gusti kang maha kuwasa, banjur Ki Gedhe Pelang kandha yen wis njaga desa Keroman kasebut kudu ngadakake sedhekah sing pantes, ora lali uga nyiapake suguhan mangan lan ngombe. Sedhekah bumi kang diandharake sajrone *Serat Sindujaya* uga nyuguhake sajen kang disiyapake nalika wayah pagelaran wayang.

*Sarwi dipun sajenana/
Sekul tumpeng panggang pitik/
Mawu ulam warna-warna/
Jangan mawarni-warni/
Jajan pasar tan kari/
Siwalan uga ywa kantun/
Ketan werna sekawan/
Ketan abang ketan kuning/
Ketan ireng lan pethak ingkang prayoga//
(K.166/G.4 pada 9)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen sawise ngadakake wayangan bab kang kudu ditindakake yaiku nyiapake sesajen, kaya pethikan ing ndhuwur nuduhake yen kudu nyiapake sesajen wujud sega tumpeng kanthi maneka iwak lan sayuran, jajan pasar, ora lali siwalan utawa legen, uga nggawe ketan patang warna yaiku ketan werna abang, kuning, ireng lan putih sapantese. Sawise nyuguhake sajen kang wujud sega tumpeng mau, banjur uga ana sajen liya kang kudu disiyapake nalika wayah wayangan kaya kang diandharake pethikan ngisor iki:

*Sekaripun warna lima/
Lima wantah pudhak sili/
Sinalap ing bayang tengah/
Dilahe nutug sawengi/
Kang saami jaga wayang/
Lakone wyang ywa lali/
Aja lali lakone Pandawalima//
(K.166/G.7/P.17)*

Sesaji kang kudu disiyapake nalikane pagelaran wayang yaiku kembang limang warna, buah delima lan pudhak. Sesajen kasebut banjur diseleh ana ing bayang tengah sasuwene sedina suwengi. Nalikane wis isuk suguhan kang wis dicepakake dipangan bebarengan karo anak putu utawa wong sing jaga wayang. Cita wayang kang disuguhake ing pagelaran yaiku mung cita pandhawa lima ora ana liyane.

Pencak Macan

Pencak macan mujudake sawijine budaya warisan leluhur saka kutha Gresik. Warisan saka leluhur kasebut diwiwiti saka sejarah kang nyritakake nalika Sindujaya lagi tapa ing Goa Sigolo-golo kang ana ing Jawa Tengah. Ing tapane dheweke diganggu karo Gendruwo.

*Yen mekaten karsandika/
Lah Suwawi ndendonga mring Hyang Widhi/
Ing sedalu mangke dalu/
Muga den keparenga/
Kuwawiya manjing ing guwa punika/
Imam Sujana ngandika/
Inggih adhi mugi-mugi/
Sadaya sami alenggah/
Wong sekawan tan wonten ingkang guling/
Pukul tiga wancinipun/
Pun Salam nulya ngucap/
Apepoyan dhateng kang raka punika/
Wonten gurem mikul arga/
Kawula ingkang nampani//
(K.133/G.7/P.15)*

Saka pethikan kasebut bisa dijupuk dudutan yen Imam Sujana, Bangaskarta (Sindujaya), Salam, lan Salim nalika iku lagi leren ing kaki gunung amarga wektu ora nututi yen kudu munggah menyang puncak kanggo tumuju ing Goa Sigolo-golo. Wong papat iku mau banjur ndonga lan pasrah marang Gusti supaya diwenahi kakuwatan nganti tumeka ing Goa kang dituju. Suwengi ora ana sing turu nganti pungkasan jam telu isuk lan Salam kandha marang Bangaskarta yen dheweke nampa petunjuk saka Gusti kanggo tumuju menyang Goa Sigolo-golo.

*Tan mawi kandheg ing njaba/
Catur janma sareng umanjing aglis/
Gumarenggeng swaranipun/
Dupi wus tenah wengnya/
Samya muncul gandarwa thethekekan thuyul/
Janggeten wewe bacingah/
Sadaya sareng ndhatengi/
Gandarwa alatah-latah/
Sami bungah mambet gandoning janmi/
Swaranira ting calebung/
Gumerah mawaruhan/
Ana ingkang remane anyerat lebu/
Ana ingkang tetabuhan/
Ting brengok memedeni/
Wong papat eca lenggah/
Sakeh swara datan rinasuk ing kalbu/
Sadaya tan den perduli//
(K.34/G.13/P.28)*

Pethikan mau nuduhake kahanan ing njero Goa kanthi anane Gendruwo kang maneka warna rupane kanggo ngganggu tapane Bangaskarta, Imam Sujana, Salam, lan Salim. Gendruwo kang wis dicritakake yaiku ana kang wujud ngguyu kemekel amarga seneng karo ambune manungsa, swarane uga padha brengok lan nabuhi samubarang apa wae sing ana. Sakabehe jinise Gendruwo mau nduweni niatan kanggo medeni lan ngganggu anggane proses tapa, nanging wong papat mau ora nggatekake godaan kang ana lan ora wedi karo kahanan sing ngganggu amarga kabeh wis pasrah marang Gusti lan mesthi diwenahi pitulung supaya tapa kang ditindakake ing njero Goa mau bisa oleh asil kang dikarepake.

Macapatan

Macapatan mujudake sawijine crita utawa manuskrip kuno kang diwaca kanthi tetembangan utawa nduweni cengkok. Macapatan uga bisa diarani pamacan teks Jawa kang ditembangake kanthi njlentrehake ngenani isi teks. Tradhisi macapatan Sindujaya nduweni fungsi yaiku pamacan naskah macapatan Sindujaya katindakake supaya keturunan Sindujaya ngenal sesepuh utawa leluhure, saliyané iku uga dimaksudake kanggo menehi piwulangan supaya nduweni tumindhak lan pratingkah kang didhasari karo budi luhure.

Macapatan Sindujaya ditindakake nalika waktu-waktu tartamtu kaya nalika sedhekah bumi (haul Sindujaya), pesta rakyat, manten, lan sapiturute ananging macapatan ing adicara manten wis arang ditindakake amarga perkembangan jaman sing sansaya maju, mula masyarakat luwih seneng ngganti karo hiburan liyané, dene ing adicara sedhekah bumi macapatan sindujaya tetep ditindakake saben taun ing pesarehan Sindujaya.

Macapatan diwacakake kanthi karakter saben pupuh, amarga saben pupuh tamtu nduweni karakter lan ciri khas kang beda anggane nyampekake isine crita. Pamacaan macapat diwiwiti karo sekar pambuka kang nduweni tujuwan minangka pawujudan rasa syukur lan kurmat sadurunge maca *Serat Sindujaya*. Nalika maca tembang macapat *Serat Sindujaya*, pusaka tetilarane Sindujaya kaya tombak lan keris uga ditokake saka panggon panyimpenan. Dupa, kembang pitung warna, lan jajanan pasar uga ora lali disuguhake.

Aktualisasi Tradhisi Sedhekah Bumi Tumrap Masyarakat Gresik

Tradhisi mujudake pakulinan utawa warisan leluhur kang isih ditindakake karo masyarakat nganti saiki lan dadi bageyan ing panguripane. Masyarakat Jawa mujudake masyarakat kang uripe adhedhasar

anane adat isitiadat. Masyarakat Jawa uga ora bisa uwal saka kabudayan kang ndadekake kapercayan. Mula saka iku, pamawas saka masyarakat dibutuhake minangka panjangkepe uga panyengkuyung pamikir ngenani tradhisi sedhekah bumi kang dumadi ing bebrayan Jawa mliginine ing kutha Gresik. Golongan masyarakat kang pinilih yaiku masyarakat umum kang dideleng adhedhasar pakaryan, pengalaman, lan ngangsu kawruh (Mahasiswa).

Tradhisi sedhekah bumi kang diandharake sajrone *Serat Sindujaya* salaras karo sing ditindakake masyarakat Gresik, senajan ana saperangan masyarakat nindakake kanthi tata cara kang beda, nanging sakabehe masyarakat mau nduweni tujuwan padha yaiku tradhisi sedhekah bumi kang ditindakake minangka wujud syukur marang Gusti sing wis paring kanugrahan, karaharjan, sarta kanikmatan ing urip. Saliyane iku tradhisi kasebut ditujokake kanggo ngormati jasa para leluhur sing wis kasil mbabat alas lan dadi sawijine patuladhan ing urip. Dadi bisa dideleng yen bab sedhekah bumi mau ora mung diandharake sajrone *Serat Sindujaya* nanging uga dicakake ing panguripan masyarakat Gresik.

PANUTUP

Dudutan

Naskah *Serat Sindujaya* mujudake reiptan sastra kang klebu kasusastran Jawa pesisir. Serat kasebut ditulis mawa aksara pegon kanthi metrum tembang macapat kang kasusun saka 16 pupuh dening Ki Tarub Agung asale saka kampung Sukadana, Dhusun Keroman, Gresik. Wektu panulisane jam sanga sasi Ramadhan taun 1856 M (1778 Caka). Naskah *Serat Sindujaya* kang diteliti ing panliten iki mujudake naskah salinan jalaran ana bab kang owah sajrone teks kanthi nganut aturan tembang macapat ing saben pupuh. Asiling suntingan teks sajrone *Serat Sindujaya* yaiku ngenani suntingan tandha lan suntingan aksara arab pegon menyang aksara latin kang disuguhake kanthi anane terbitan teks saengga bisa makili andharan topik ngenani tradhisi sedhekah bumi. Kanggo mahami wujud teks kang luput uga ditindakake kritikan kang dibenerake kanthi diwenahi komentar supaya teks kang luput bisa gampang dipahami tumrap pamaca lan nduweni teges kang cetha miturut kamus Bausastra Jawa.

Naskah *Serat Sindujaya* saperangan isine ngandhut sawijine tradhisi kayata tradhisi sedhekah bumi kang anane wis ditindakake wiwit jaman biyen nganti saiki sacara turun temurun mligine ing kutha Gresik. Tradhisi sedhekah bumi kasebut ditindakake kanthi disengkuyung karo tradhisi liya kayata pagelaran wayang, macapatan, lan pencak macan. Bab kasebut banjur digayutake karo tradhisi sedhekah bumi kang ditindakake ing satengahe bebrayan Jawa mligine masyarakat Gresik kanthi tujuwan kanggo mbandhingake lan nyelarasake

tradhisi sedhekah bumi kang diandharake sajrone *Serat Sindujaya* karo panguripan kasunyatan. Sanajan ana bab kang beda ing desa siji lan liyane kayata ngenani tata carane, wektune, lan adicara panyengkuyunge, nanging anane tradhisi sedhekah bumi ing kutha Gresik sejatine isih ditindakake, diugemi nganti saiki lan nduweni ancas kang padha

Pamrayoga

Tradhisi sedhekah bumi minangka pralambang rasa syukur saka asil bumi lan kanikmatan saka Gusti Allah. Ngrembaka utawa orane tradhisi gumantung saka masyarakat kang nindakake, nanging wis dadi kewajiban minangka masyarakat Jawa kanggo njaga lan nglestarekake tradhisi sedhekah bumi kang kalaksanan wiwit jaman biyen, amarga sajrone tradhisi kasebut tamtu ngandhut pangribawa, paedah, utawa nile-nile kang bisa dadi patuladhan uga piwulangan

Dikarepake supaya sesepuh lan tokoh masyarakat menehi motivasi marang generasi mudha ngenani kabudayan lokal kaya sedhekah bumi. Bab kasebut supaya anane warisan leluhur kang ditindakake sacara turun temurun tansah ngrembaka sanajan ana kemajuan jaman sing bisa ndadekake pola pamikire masyarakat Jawa dadi modern lan ngrubah tatanan ing panguripane. Panliten iki nduweni pangajab supaya bisa menehi paedah lan kawruh anyar marang pamaca ngenani tradhisi sedhekah bumi kang kinandhut sajrone *Serat Sindujaya* lan tansah ditindakake ing satengahe bebrayan.

KAPUSTAKAN

- W.M, Abdul Hadi dkk. (2003). *Adab dan Adat: Refleksi Sastra Nusantara*. Jakarta: Pusat Bahasa. Departemen Pendidikan Nasional
- Arikunto, S. 2006. *Prosedur Penelitian suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Atar M, Semi. 1993: *Metode Penelitian Sastra*, Bandung: Penerbit Angkasa. Danandjaja, James. 1986. *Foklor Indonesia, Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Grafiti Press.
- Baried, Siti Baroroh., dkk. 1985. *Teori Pengantar Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Behrend, T.E. 1990. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Koleksi Museum Senobudoyo Yogyakarta Jilid 1*. Jakarta: Djambatan

- Djamaris, Edward. 2002. *Metodologi Penelitian Filologi*. Jakarta: MANASCO.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: Medpress.
- Lexy, J Moloeng (2008). *Metodologi Penelitian Kualitatif*, Bandung: PT Remaja Rosdakarya..
- Mulyana, Deddy. 2008. *Ilmu Komunikasi : Suatu Pengantar*. Bandung : PT. Remaja Rosdakarya
- Mulyani, Hesti. 2009a. *Membaca Manskrip Jawa 2*. Gegaran Mata Kuliah Membaca Manuskrip Lanjut Semester VI pada Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Purnomo, S. Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Purnomo, Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: CV Bintang.
- Purnomo, Bambang. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Perwira Media Nusantara.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Antropologi Sastra: Peranan Unsur-unsur Kebudayaan dalam Proses Kreatif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Suryani, Elis. 2012. *Filologi*. Bogor: Ghalia Indonesia
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sztompka, Piotr. *Sosiologi Perubahan Sosial*. Jakarta: Prenada Media, 2004
- Sztompka, Piotr. 2007. *Sosiologi perubahan sosial*. Jakarta : Prenada